# КИНОПУБЛИЦИСТИКА ЖӘРДЕМИНДЕ ХАЛЫҚТЫҢ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ САНА-СЕЗИМИ ҲӘМ МӘДЕНИЯТЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ

**Г.Н.Тажадинова –** *еркин изленийши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** кинодокументалистика, ҳужжатли фильм, экологик инқироз, экологик маданият, овозсиз кино, экологик журналистика, хроник–ҳужжатли фильмлар.

**Ключевые слова:** кинодокументалистика, документальный фильм, экологический кризис, экологическая культура, немое кино, экологическая журналистика, хроникально-документальное фильмы.

**Key words:** cinematography, documentary film, ecological crisis, ecological culture, silent film, ecological journalism, chronicle-documentary films.

Бул мақаламыздың баслы бағдары Қарақалпақстан кинодокументалистикасының ҳәзирги жағдайы ҳәм оның республика халқының экологиялық сана-сезими ҳәм мәдениятын раўажландырыў бойынша ўазыйпаларын, сондай-ақ, бул процесслердеги кинопублицистиканың ролин белгилеў болып табылады.

Москва (Россия) ғәрезсиз экология-политологиялық университети ректоры, академик Н.Н.Моисеев жазғанындай: «Инсаният ҳәр дайым глобал көлемдеги экологиялық кризиске ушырап турады, себеби, XX әсирде–ақ пүткил планетамыз адамзат ойкуменасына (дүньяның инсаният тәрепинен өзлестирилген бөлегине) айланған ҳәм ол тәбият пенен түр сыпатында өз-ара тәсирге ийе. Деградацияның алдын алыў ушын адамзат үлкен қыйыншылық пенен жаңа экологиялық текше (орын) излеўи тийис. Ҳәзирги замандағы дүнья жүзлик эволюциялық процесс өзгешеликлерине бизиң көз-қарасымыз биосфера ҳәм жәмийет коэволюциясы (экосистема ҳәм жәмийетте өз-ара тәсирге ийе биологиялық түрлердиң биргеликтеги эволюциясы) ҳаққында түсиник бериў формасында, яғный, инсанның Жерде қәўипсизликте болыўы ушын зәрүр шараят сыпатында аңлатылады. Инсаният тарийхындағы, жәмийет ҳәм тәбият арасындағы зәрүр тең салмақлылық, яғный олардың теңдей раўажланыўы әмелге асқан бул басқыш ноосфера дәўири деген ат алды» [1]. Академиктиң сөзлерине муўапық, ҳәзирги замандағы планета шараятларында әйне экологиялық критерийлер мәмлекет ҳәм жәмийет цивилизациялылығы дәрежесин белгилейди. Биринши гезекте экологиялық раўажланыў дәрежесин (еле кеш болмай турып) белгилеп береди.

Экологиялық структура ҳәм шөлкемлер тәсириниң күшейиўи қоршаған орталық жағдайының кем-кемнен пәсейиўи менен түсиндириледи. Мысал ушын, ҳаўаға көп муғдарда углекислый газ бөлинип шығыўы, углекислый зонт (шатыр) пайда болыўы, буның нәтийжесинде космосқа артықша жыллылықтың шығыўы планетада шеннен тыс ыссылық пайда етип, таўлардағы, Антарктида ҳәм Арктикадағы музлықлар ерий баслаўы...

Бул экологиялық жағдайдың инсанға унамсыз тәсир көрсетиўи факторларынан тек биреўи десек болады. Буннан басқа факторларда бар. Мәселен, «Үлкемиз тәбияты» фильминде илимпаз Полат Халмуратов тоғайлардағы тереклер шаўып тасланып атырғанына дыққат аўдарады, буның ақыбетинде бул экологиялық жақтан жағдайсыз зонада терек егиў жыл сайын бирнеше гектарға қысқарып бармақта. Фильмде Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың жасларда экология менен байланыслы сана-сезим пайда етиў мақсетинде, оларға қосық арқалы публицистикалық мүрәжатын мысал ретинде келтиреди:

«Бир жағым суў, бир жағым шөл болмаса,
Сарай салып берсең де, мен бармайман.
Гүл ҳәм жуўсан ийси аңқып турмаса,
Ол жерде мен қарақалпақ болмайман».

Еки бөлимнен ибарат болған, қурғақшылық пенен гүреске бағышланған «Пидайылар» (2005-ж, авторлары Т.Қәлимбетов, Р.Галиев) фильми Қуран оқыў ҳәм Аллатааладан Аралға суў жибериўин сорап сыйыныў менен басланады. Фильмде көрсетилгениндей, сол ўақытлардан баслап-ақ, Арал бойы халқы суўсызлық ақыбетлерин жумсартыў ушын сексеўил еге баслаған.

«Суўлар бөленттен саға алады» («Қарақалпақфильм», 2006, авторлары Марат Таўмуратов, Дәўран Абдуллаев, Батырбек Дилмуратов) фильминде Республика санитария-эпидемиология тынышлығы орайының бас шыпакери Гулжәмийла Ниязованың ишимлик суўы белгиленген стандартларға сәйкес келмейтуғынын дәлиллеп, тәшўиш пенен сөйлеген сөзлери нәзерге усынылады. Халық саны артыўы, қалалар, аўыллар ҳәм т.б. халық жасайтуғын орынлар көбейиўи суў жумсалыўының кескин күшейиўине алып келди. Айырым фильм авторлары көбинесе публицистикалық мәнисте итибарын жерден ақылға муўапық пайдаланыў, яғный, тамшылатып суўғарыў, алмастырып егиў, егилетуғын егин түрлерин анық таңлаў зәрүрлигине қаратады. Тамшылатып суўғарыўға «Суўлар бөленттен саға алады» фильминде мысал келтирилген, фильмде бул метод теплицада қолланылған. Сондай-ақ, экологиялық таза ҳаўа, таза суў, таза (зыянсыз) мийўе ҳәм палыз егинлери зәрүрлиги ҳаққында айтылған. Соның менен бирге, экологиялық жақтан исенимли кәрханалар дүзиў зәрүрлиги ҳаққында да айтылады. Булардың барлығы көбинесе кинематографистлердиң актив публицистикалық позиция менен қоллап-қуўатланыўын да итибардан шетте қалдырмаўымыз тийис.

«Дәрья тенизге қуймағы дәркар» (2010, Муратбай Нызанов, Төренияз Қәлимбетов, Батырбек Дилмуратов) фильми авторлары: «Әмиўдәрья ағысы бес ел – Тәжикистан, Қырғызстан, Аўғаныстан, Өзбекстан ҳәм Түркменстан мәмлекетлери бойлап өтеди», деп көрсетеди. Бирақ, олар усы дәрья суўынан пайдаланыў бойынша мәмлекетлер аралық келисим дүзилиўи зәрүрлиги ҳаққында усыныс киргизбеген. Ал инсанның жасаў орталығына глобаллық көлемде тәсир етиў усы тараўда халық аралық биргеликте ислесиўди талап етеди. Бул ҳаққында «Экологиялық журналистика» брошюрасы авторларының бири, Санкт Петеребург мәмлекетлик университети профессоры С.Н.Большаков: «Субсидарлық принципке муўапық Европа Кеңесине кирген ҳәр бир мәмлекет қоршаған әтирапты қорғаў ҳәм экологиялық қәўипсизлик функциясын жақсырақ орынлаўға жәрдем беретуғын қадағалаў усыллары менен шара-илажларын таңлай алады. Деген менен барлық мәмлекетлер тийкарынан командалық қадағалаў

функцияларын ислетеди», деп жазады [2]. Жоқарыда келтирилген пикирден көринип турғанындай, командалық-административлик басқарыў стили ҳәтте, Батыс Европаның раўажланған еллеринде де кең ен жайған.

Бизиң ойлаўымызша, улыўма Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның илимий–ҳәммебап ҳәм хроникалық–ҳүжжетли фильмлер студияларының публицистикалық искерлиги әмелияты, бүгинги күнде олардың жумысында ески командалық-административлик методлар елеге шекем қолланылып киятырғанын көрсетеди. Демек, бул ҳүжжетли фильм шеберлери өзлерине унаған ҳәзирги заманға сай темаларды таңлап, оларды өз бетинше раўажландыра алмайды деген сөз.

Арал апатшылығы сыяқлы экологиялық апатшылықлардың алдын алыў бойынша экологиялық билим, тәлим ҳәм ең баслысы сана-сезим қәлиплесиўиниң орны менен роли қандай екенин көрип шығайық. Арал трагедиясы ҳаққында мағлыўмат бериўши Россия сайтларының бири жазғанындай: «алды менен адамлардың санасындағы апатшылық (катастрофа) сезимин жеңиў керек» [3].

Академик Н.Н.Моисеев миннетли түрде экологиялық машқалалардың принципиал жаңа шешимлерин излеп табыў зәрүрлигин атап көрсетеди. Ол: «Мен экологиялық кризистен шығып кетиўдиң анаў ямаса мынаў дәрежедеги мақул жолы (егер кризистен шығыў жолы бар болса ҳәм оны табыўдың илажы болса) жәмийет ҳәм қоршаған орталықты өзгертиў бойынша айырым узақ даўам ететуғын өтиў бағдарламасы формасында көремен, бул форма жәмийетти техникалық қураллар менен қайта қуралландырыў (технологияларды, көбирек биотехнологияларды буннан былай раўажландырыў) бағдарламасы менен биз төменде тоқтап өтетуғын белгили бир адамгершилик императивин ислеп шығыўға ҳәм көплеген социаллық бағдарламалар, менталитетке сүйениўи керек. Басқа сөз бенен айтқанда, мәлим бир инсаният стратегиясы (ҳәзирше қандай-да бир анық расшифровкасыз пайдаланылған атама) керек болып, бул цивилизацияны раўажландырыўдың басқа, ақыбетинде жәмийет ҳәм тәбияттың биргеликтеги эволюциясы жағдайы менен тәмийнлей алатуғын сапалы усылын излеўди аңлатады», деп жазады [4]. Бизиң пикиримизше, ҳүжжетли кинопублицистика жәрдеминде ҳақыйқый экологиялық сана-сезим қәлиплесиўи халықта адекват экологиялық түсиник, ой-пикир, идея ҳәм әмелият қәлиплесиўи гиреўи болып табылады.

Қарақалпақстан ҳүжжетли фильм шеберлериниң публицистикалық әмелиятын үйрениў арқалы мәлим болғанындай, үш түрли – күнделикли, көркем, әдебий ҳәм илимий билиў түрлери ишинде олар биринши, арасында екинши түрден көбирек пайдаланады, ал халықта бәркамал экологиялық пикирлеў концепциясы қәлиплесиўи ушын үшинши түр де әҳмийетли болып есапланады. Басқа тәрептен алғанда, кино ғайраткерлери өзлери сүўретке алып атырған нәрселерди, олардың санасезимине байланыслы болмаған объект деп қабыл етеди, деген менен сүўретке алыў нәтийжелерине муўапық олар экологиялық мәселелер бойынша өз дүнья таныўы менен биргеликте аудитория дәрежесинде байытады. Фильмлерден қабыл етиў, сезиў, аңлаў ҳәм түсиниў түриндеги экологиялық билиў *логикалық* жақтан жуўмақланған кинопикир ҳәм *киноаналитикадан* басым туратуғыны анық көринбекте. Экологиялық тематиканы сезим арқалы қабыллаў өз-өзи, яғный тек кинодөретиўшилер арасында болып қалмаўы керек, керисинше, ол тамашагөйлердиң экологиялық сана-сезими өсиўи ҳәм оларда усы баян етилип атырған машқалалар бойынша белсенди өмирлик позиция қәлиплесиўи ушын хызмет етиўи тийис. Буннан тысқары, суўды тежеп жумсаў менен байланыслы экология, Арал теңизине келип қуятуғын дәрьялар бойында отырықшы халық санасында тийисли *психология* ҳәм *мәдeният* қәлиплескенде ғана ҳақыйқатқа айланады.

Экология бул жол ҳәм дәрья, қәнийгеликлер ҳәм мотивлер кесилиспеси болғанлығы себепли, тәбиятты сақлаўға тек Өзбекстан ҳәм Қарақалпақтанның ғана емес, ал улыўма Арал теңизине жақын жайласқан басқа еллер, яғный Орайлық Азия мәмлекетлериниң барлығының мәдениятын көтериў арқалы ерисиў мүмкин. Экология қурамалы турмыс тәризи болып, оған көплеген халық хожалығы тараўлары менен түрли миллет халықларының психологиясы байланыслы болады. Бул тек экономикалық, биологиялық ҳәм медициналық мәселе емес, ал кең масштаблы мәселе болып, сиясат, ҳәм ең баслысы адамгершилик нормаларына тийисли, сондай-ақ, ҳәр қыйлы тараўларды өз ишине қамтыйды. Соның ушын экологиялық тәлим-тәрбия – бул жәҳән көлеминде, соның ишинде кинодокументалистика методлары жәрдеминде шешилиўи тийис машқала болып табылады.

Кинодокументалистикаға тийисли ҳаўазсыз кино жәрдеминдеги тәрбия усылы публицистикалық қураллар арқалы мәдeният қәлиплестириўдиң айрықша түри деўге болады. «Екеў ғанасы» (2007, авторлары Төренияз Қәлимбетов ҳәм Арсенбай Асқаров) фильминде «Бадай» тоғайын қорғаў кәрханасы жумысшылары Владимир Проскуров ҳәм Уснатдин Турдымуратов суўсызлық себепли қыйын аўҳалға түсип қалған аўыл адамларына жәрдем береди. Олар фляrларда (ыдыс) суў тасып, от-шөплерди суўғарады, қамыстан шом буўып темир жол бойларына қойып шығады. Еспе қумларды азда болса иркиў ушын усы усылдан пайдаланылады. Бул жерде кино қураллары, кинокамера арқалы берилетуғын образлар жәрдеминде экологиялық машқаланы публицистикалық түрде анық көрсетиўге умтылыў айқын билинеди.

Мысалы, «Дәрья теңизге қуймағы дәркар» (2010, Муратбай Нызанов, Төренияз Қәлимбетов, Батырбек Дилмуратов) фильминде публицистикалық образлылық бар, бунда авторлар Арал Орайлық Азия ушын термостат ўазыйпасын атқаратуғыны ҳаққында айтады.

Кинопублицистика өзиниң абзаллықларынан пайдаланады, бул абзаллықлардың бири визуал усыллар жәрдеминде алып барылатуғын тәрбия басым болыўынан ибарат. Бул образлық планда кино мәдeнияттың әҳмийетли, ҳәтте, оның көп жыллық бәсекелеси болған баспасөзденде салмақлы қуралы болып табылады, себеби, ол тамашагөйге терең тәсир көрсетеди ҳәм оқып билиў, яғный саўатлылық талап етпейди. Бул визуаллық тәсирдиң көп мәселеде пайдасы тийеди. Мәселен, «Мойнақлы скульптор» фильми (2016, авторлары Г.Тажетдинова, Т.Қәлимбетов,) қаҳарманы Анварбек Сайымбетов жергиликли фауна ҳәм флора ўәкиллери мүсинлерин жаратады. Әжели жеткен жәниўарлар, қуслар, қуўрап атырған терек образлары тамашагөйлерде газетадағы текстлерге қарағанда көбирек тәсир қалдырады. А.Сайымбетовтың жумысларына берилген жоқары публицистикалық баҳа, ҳәзирги күнде оның шығармаларының И.В.Савицкий музейинде сақланыўына себеп болды.

«Дүң» фильминдеги (2003, авторлары Даврон

Абдуллаев ҳәм Ренат Галиев) миллий тәлим-тәрбия дәстүри жасы үлкен апайдың кишкене қызалақтың қолына қуман услатыў арқалы суў менен байланыслы халық салт-дәстүрлериниң жасы уллылардан жас әўладқа өтиўин аңлатыўында көринеди.

Мәдeният инсан билими, исеними ҳәм минез-қулқы өзгешеликлеринен ибарат екенлиги белгили. «Британника» энциклопедиялық сөзлигине муўапық, мәдeният төмендегилерди өзи ишине алады: 1) тил; 2) идеялар; 3) исеним; 4) үрп-әдетлер; 5) тыйым салыў (мәселен, суўды патаслаўға болмайды); 6) адамгершилик (әдеп-икрамлылық) қағыйдалары; 7) институтлар; 8) мийнет қураллары; 9) технологиялар; 10) көркем-өнер дөретпелери; 11) салт-дәстүрлер; 12) мәресимлер; 13) символлар ҳәм т.б. [5]. Бизиң пикиримизше, авторлар мәдениятың тәлим сыяқлы әҳмийетли категориясын қалдырып кеткен. Олар буны билимлендириў ямаса институтлар деген тараўға тийисли деп ойлаған болса керек.

Көркем әдебият усыллары ҳәм формаларынан нәтийжели пайдаланыў мысаллары да көп ушырасады. Мәселен, «Дәрья теңизге қуймағы дәркар» фильминде (2010, авторлары: Муратбай Нызанов, Төренияз Қәлимбетов, Батырбек Дилмуратов) «Үш ай қабағым, үш ай шабағым» нақылы келтирилген. Бул қоңсылас еллердеги тамашагөйлерге публицистикалық мәнистеги мүрәжат ретинде айтылады: ўақтында биз сизлерди Арал теңизи балықлары менен тәмийнлеген едик, бүгин болса биз суўды сақлап қалыў ушын сизиң жәрдемиңизге мүтәжбиз.

Ғалаба хабар қураллары ушын олардың хабарлары информациялық ҳәм тәлим-тәрбия жумысын алып баратуғынлығы үлкен методологиялық әҳмийетке ийе. Ал бул кинодағы анализ бенен қалай сәйкес келеди? Бизиң ойымызша, фильмдеги анализ тек ашық түрде емес, ал жасырын түрде де, яғный текст астында да болып келеди. Соның ушын сап информациялық ҳәм сап ҳүжжетли фильм деп айырыў қыйын.

Мақала жуўмағында төмендегилерди атап өтиўимиз тийис. Арал теңизи бойындағы экосистема жағдайы төменлескенлиги соншелли, бул жерде әдеттеги жарым-жартылай нәтийже беретуғын шара-илажлар менен шекленип қойыўға болмайды. Қарақалпақстан, Өзбекстан ҳәм улыўма Орайлық Азия киноғайраткерлериниң өзлерине исенип тапсырылған жумысты тийисли дәрежеде орынлаўы аймақта жаңа экологиялық қәдириятлар системасы жаратылып, бул системаға бир суў ағысы (жолы) арқалы бириккен еллер халықлары тартылыўына жәрдем бериўи анық. Бул экологияның ҳәзирги раўажланыў басқышында, пүткил планета көлеминде Жердеги инсан өмирине тең дәрежеде көп қырлы ҳәм қурамалы қубылысты аңлатыўы менен байланыслы десек болады.

## Әдебиятлар


1. Моисеев Н.Н. Современный антропогенез и цивилизационные разломы. – М.: МНЭПУ, 1994. -С. 5
2. Большаков С.Н. Проблематика экологической политики Европейского Союза в контексте концепции устойчивого развития. // Экологическая журналистика. Сб. ст. Под общ. ред. А.В.Давыдовой, А.С.Смоляровой. –СПб: СПбГУ, 2011. -С. 15.
3. http://aral-dialog.narod.ru/aral.htm. Обращение к ресурсу 7.10.21.
4. Моисеев Н.Н. Современный антропогенез и цивилизационные разломы. – М.: МНЭПУ, 1994. – С. 35.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Қорақалпоғистон кинодокументалистикасининг бугунги ҳолати ва унинг республика аҳолисининг экологик онги ва маданиятини ривожлантиришга қўшаётган ҳиссаси ҳақида сўз боради. Кинодокументалистикага тегишли овозсиз кино ёрдамида тарбия услуби публицистик воситалар орқали маданиятни шакллантиришнинг ўзига хос хусусиятлари очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматривается современное состояние документального кино в Каракалпакстане и его вклад в развитие экологического сознания и культуры населения республики. Особенности формирования культуры публицистическими средствами раскрываются методом воспитания с помощью немого кино, относящегося к кинодокументалистике.

**SUMMARY**

This article discusses the current state of film documentary in Karakalpakstan and its contribution to the development of environmental awareness and culture of the population of the Republic. The peculiarities of the formation of culture through journalistic means are revealed by the method of upbringing with the help of silent film, which belongs to the film documentary.